

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métodeu déskriptif. Data anu dicangking mangrupa wanda jeung harti pakeman basa dina novél *Laleur Bodas* karya Samsu anu satuluyna diulik gaya basa dina pakeman basana. Ieu ungkara téh dirojong ku Moleong (2007, kc. 6) anu nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun maham kana fénoména ngeunaan naon-naon anu kaalaman ku subjék panalungtikan misalna paripolah, persepsi, motivasi, tindakan jeung lain sajabana, sacara holistik sarta ku cara deskripsi dina wangun kekecapan jeung basa, dina hiji konteks anu husus nu alamiah ku cara ngamanfaatkeun métodeu alamiah.

Métode déskriptif nurutkeun Sukardi (2004, kc. 157) nyaéta panalungtikan, di mana cara ngumpulkeun data pikeun ngajawab patalékan panalungtikan atawa hipotesis anu aya patalina jeung kaayaan sarta kajadian kiwari. Tujuanna nyaéta pikeun ngagambarkeun sacara sistematis fakta jeung karakteristik objék atawa subjék anu ditalungtikna. Luyu jeung Sukardi, Arikunto (2013, kc. 3) ogé nétélakeun yén métodeu déskriptif mangrupa panalungtikan anu miboga tujuan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal lianna, anu hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan.

Nazir (2014, kc. 43) nétélakeun yén métodeu déskriptif nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun, gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat, ngeunaan fakta-fakta, sipat-sipat sarta hubungan antarfenomena anu ditalungtik.

Dumasar kana katerangan di luhur, bisa dicindekkeun yén métodeu deskriptif téh nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun ngagambarkeun sacara sistematis objék atawa subjék panalungtikan, anu hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan. Hal-hal anu dideskripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan pakeman basa anu dipasing-pasing dumasar kana

wandana anu kapaluruh dina novél *Laleur Bodas* karya Samsu anu satuluyna diulik gaya basa anu dipaké dina pakeman basana.


Anisya Harti Nurdewi, 2017

ULIKAN STILISTIK KANA PAKEMAN BASA DINA NOVÉL LALEUR BODAS KARANGAN SAMSU PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métodeu deskriptif desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana galur saperti ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data

Anu disebut sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék anu mana data bisa dimeunangkeun. Lamun panalungtik ngagunakeun kuisisioner atawa wawancara dina ngumpulkeun datana, sumber datana disebut *responden*, nyaéta jalma nu ngaréspon atawa ngajawab patalékan-patalékan panalungtik, boh patalékan lisan boh tinulis (Arikunto, 2013, kc. 172).

Anisya Harti Nurdewi, 2017

ULIKAN STILISTIK KANA PAKEMAN BASA DINA NOVEL LALEUR BODAS KARANGAN SAMSU PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina panalungtikan kualitatif sumber data anu paling utama nyaéta kekecapan jeung tindakan, leuwihna mah mangrupa data tambahan saperti dokumén jeung réa-réa deui (Lofland jeung Lofland dina Moleong, 2007, kc. 157). Dina ieu panalungtikan, sumber datana mangrupa sumber data tinulis.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh pakeman basa anu kapaluruh dina novél *Laleur Bodas* karya Samsu. Ari sumber datana nyaéta novél *Laleur Bodas* karya Samsu. Novél anu kandelna 92 kaca ieu téh mangrupa wedalan ti PT Kiblat Buku Utama citakan kagenep taun 2009. Ieu novél téh mangrupa novél heubeul, ari sababna citakan munggaran ieu novél téh medal dina taun 1940 wedalan Balé Pustaka.

Ieu novél téh mangrupa salahsahiji novél mistéri, anu nyaritakeun ngeunaan ngungkabkeun hiji rusiah Si *Laleur Bodas*. Ieu novél téh dimimitian ku Basri jeung Lili nu merego Didi nu keur milampah teu uni jeung Sumarni. Didi anu terus ngunek-ngunek hayang nyilakakeun ka Basri, niatna anu meunang pangrojong ti lanceukna, Subita, bari dibantuan ku Gani jeung Gopur.

Basri anu harita papacangan jeung Lili haben diganggu maké rupa-rupa jalan, anu antukna mah hahadéan jeung Lili téh jadi bolay, sabab aya finah ti hasil rékayasa Didi saparakanca. Kajaba ti éta, Basri sok remen narima surat ti *Laleur Bodas* anu eusina mapagahan sangkan ati-ati dina milampah hiji hal, nepi ka Basri remen salamet tina laku jahat musuhna. Dina ieu carita *Laleur Bodas* karék untkabkeun dina ahir carita.

Digunakeunna ieu novél dina pangajaran kelas XI téh sangkan ngajembaran pangaweruh siswa ngeunaan sastra Sunda hususna novél. Minangka karangan prosa anu panjang, dina novél ilaharna kapanggih ungkara-ungkara nu ngandung pakeman basa jeung gaya basa. Contona saperti dina ungkara ieu di handap.

“Sakedapan duanana *ngembang kadu*, olohok bawaning kaget, ku teu disangka-sangka; silih pelong di nu poék, kasima.”(Samsu, 2006, kc.17).

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu dipaké dina waktu panalungtikan anu ngagunakeun hiji métodeu (Arikunto, 2013, kc. 192). Luyu jeung éta ungkara,

Anisya Harti Nurdewi, 2017

ULIKAN STILISTIK KANA PAKEMAN BASA DINA NOVÉL LALEUR BODAS KARANGAN SAMSU
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sugiyono (2013, kc. 102) ogé nétékeun yén instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat anu dipaké pikeun ngukur fenomena alam atawa sosial anu ditalungtik.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta kartu data. Sakabéh data pakeman basa dina novél *Laleur Bodas* karya Samsu disalin kana kartu data sarta dibéré idéntitas. Masing-masing identitas nuduhken judul novél, kaca, paragraf, jeung posisi kalimahna anu satuluyna diulik deui gaya basana. Sabada disalin kana kartu data, éta data disalin deui kana tabél anu geus dipasing-pasing dumasar gelarna, wanda, jeung hartina. Anapon conto kartu datana saperti ieu di handap.

Bagan 3.2 **Kartu DataKartu Data**

Kartu Data	
Kode Data	: LB/12/5/11
Data	: Ari maksadna, engoning engké urang ngarangkep téh, hayang lulus-mulus runrut-raut, sopapait-samamanis, sabagja-sacilaka kacai jadi saleuwi ka darat jadi salebak.
Kat.	: 11 : posisi kalimah 5 : paragraf 12 : kaca LB : Identitas novél

3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun téhnik panalungtikan ulikan pustaka (studi pustaka). Téhnik ulikan pustaka mangrupa survéi kana data anu geus aya, neuleuman téori-téori anu geus aya sarta ditalaah kalawan gemet (Nazir, 2014, kc. 79). Tehnik ulikan pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber nu geus aya pakuat-pakaitna jeung konsép téoritis sarta bahasan pasualan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 85).

Dumasar kana pedaran di luhur, kawangun léngkah-léngkah nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, nyaéta:

- a. nangtukeun sumber data;
- b. maca novél *Laleur Bodas* minangka sumber data anu dianalisis wanda pakeman basana;

- c. nyirian pakeman basa dina novél *Laleur Bodas* dumasar kana wandana;
- d. nyalin data pakeman basa anu kapaluruh kana kartu data nu geus disadiakeun; jeung
- e. nangtukeun gaya basa tina pakeman basa anu geus kapaluruh.

3.4 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, ngamanipulasi, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibaca (Nazir, 2014, kc. 315). Dina ieu panalungtikan, data anu geus kapaluruh tuluy diolah ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung. Téhnik analisis unsur langsung nyaéta téhnik anu nganalisis unsur-unsur anu ngawangun hiji beungkeutan basa, boh kecap, frase, klausa boh kalimah (Rozikin, 2011).

Anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta wanda jeung harti tina pakeman basa anu kapaluruh, sarta gaya basa nu nyampak dina pakeman basana.

Léngkah-léngkah dina nganalisis ieu data nyaéta:

- a. mariksa jeung narjamahkeun pakeman basa anu kapaluruh dina sumber data;
- b. nyieun papasingan dumasar kana wanda pakeman basa;
- c. ngadéskripsikeun wanda pakeman basa anu kapaluruh;
- d. nangtukeun gaya basa nu nyampak dina pakeman basana;
- e. ngadéskripsikeun gaya basa anu nyampak;
- f. nyieun kacindekan tina hasil analisis data;
- g. nyusun bahan ajar pakeman basa jeung gaya basa anu kapaluruh dina novél *Laleur Bodas* karya Samsu pikeun bahan pangajaran siswa SMA kelas XI.